

ELWYN ¹

DEKLARASYON NON DISKRIMINASYON

Elwyn p ap mete pèsonn sou kote oswa trete yon moun yon fason diferan akòz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks. Elwyn respekte tout lwa ki aplikab nan sa ki konsène dwa sivil yo, epi lè yo resevwa avi sou bezwen yon moun, Elwyn ap fè aranjman pou:

- Bay moun ki andikape yo modifikasyon rezonab ak/oswa èd oksilyè gratis ki apwopriye pou yo ka jwenn aksè ak swen epi kominike ak nou nan fason ki efikas. Èd ak modifikasyon sa yo gen ladan yo:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ekri nan lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, ak lòt fòm ki apwopriye).
- Bay sèvis asistans lang gratis pou moun anglè pa lang prensipal yo, sa ka gen ladan:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis asistans lengwistik, modifikasyon rezonab oswa èd oksilyè apwopriye pou konekte ak sèvis Elwyn bay yo, kontakte (610) 891-2000 oswa voye yon imèl ba yo nan accessocare@elwyn.org.

Si ou kwè Elwyn pa t bay sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon kont ou nan nenpòt fason ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks, tanpri kontakte Ofisye Konfòmite Kòporatif yo, nan 111 Elwyn Road Media PA 19063, oswa pa imèl oswa telefòn compliance@elwyn.org/215-694-7430

Pou depoze yon plent fòmèl sou dwa sivil nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR), itilize <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa kontakte OCR pa lapòs oubyen pa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Fòmèlè plent OCR yo disponib sou <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

¹ Avi sa a valab pou tout pwogram swen sante, sèvis imen, sèvis sosyal, ak nenpòt pwogram ki baze nan lekòl ak/oswa edikasyon k ap opere anba: *Elwyn of Pennsylvania and Delaware, Elwyn Adult Behavioral, Elwyn California, Elwyn New Jersey ak Family Support Services.*